

# Si yo arete w epi ICE mete w nan prizon

**Pa:** Enstiti pou Refòm Lwa nan Massachusetts

**Revize:** Mas 2025

Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) ka mete moun nan prizon oswa nan sant detansyon lè ICE nan pwosesis pou retire (depòte) yo soti Ozetazini. Lalwa federal pèmèt ICE arete sèten imigran ki:

- Ozetazini san yon estati legal, oubyen
- Moun ki legalman Ozetazini, men ki gen sèten kondanasyon kriminèl oswa lòt pwoblèm ki pèmèt yo depòte yo. Gade yon lis ki pi konplè (an Anglè):  
<https://amicacenter.org/app/uploads/2024/05/Inadmissibility-Deportability-Grounds-Chart.pdf>

Ou ta dwe eseye jwenn yon avoka imigrasyon ki ka ede w. Gade

<https://www.masslegalhelp.org/immigration/know-your-rights/immigration-help-referral-list>

## Kilè ICE ka arete w?

Sitiyasyon kouran kote ICE ka arete w yo gen ladan:

## W ap tounen antre legalman Ozetazini

Chak fwa ou retounen Ozetazini, ou kapab tonbe anba enspeksyon imigrasyon. ICE ka arete w epi kenbe w si ou gen kondanasyon kriminèl oswa lòt pwoblèm admissibilite. ICE gen aksè nan dosye kriminèl ou yo. **Pale avèk yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans si ou gen nenpòt kondanasyon kriminèl anvan ou planifye pou vwayaje andeyò Etazini.**

## Ou gen entèraksyon ak sistèm jistis kriminèl la

Lè yo arete w oswa yo akize w de yon krim, yo voye anprent dwèt ou nan plizyè baz done, tankou baz done imigrasyon. Si ou nan detansyon kriminèl, ou gen kondanasyon kriminèl oswa yo te akize w pou yon krim, ICE ka vin konnen sa epi mete w nan detansyon imigrasyon.

---

## W ap antre Ozetazini ilegalman

Si ou antre Ozetazini ilegalman, ICE ka kenbe w nan fwontyè a oswa toupre fwontyè a (nan yon reyon 100 mayls) epi mete w nan detansyon imigrasyon.

## Ou te gen lòd depòtasyon anvan sa (lòd depòtasyon)

Si ou te deja gen lòd pou yo te retire w oswa lòd pou yo te depòte w, ICE ka arete w selon lòd sa yo. Sa ka rive nenpòt kote epi li pa nesesèman nan fwontyè a.

## Aplikasyon pou Imigrasyon

Lè w ap aplike pou yon benefis oswa yon estati imigrasyon, yo pran anprent dwèt ou nan kad pwosesis la. ICE ka dekouvri kondanasyon kriminèl ki fè yo ka depòte w la epi tonbe anba pwosedi pou ekspilsyon (pwosedi depòtasyon) epi petèt detansyon.

### Imigrasyon te arete m. Ki dwa mwen genyen?

- Ou pa oblige siyen okenn deklarasyon oswa dokiman.
- Ou gen dwa pou pale ak yon avoka, men gouvènman an p ap ba w yon avoka gratis. Yo ta dwe ba w yon lis avoka gratis oubyen ki pa koute chè ke ou ka kontakte.
- Ou pa oblige bay enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon w. Y ap itilize nenpòt sa ou di yo kont ou apre sa.
- Ou gen dwa pou kontakte konsila ou a.

Yo ta dwe afiche lis konsila yo ak nimewo telefòn yo nan prizon an. Si yo pa fè sa, jwenn nimewo a nan men ofisyè depòtasyon an. Kontakte konsila ou an touswit. Si ou kite yon mesaj, ba yo:

- non w,
- yon nimewo telefòn,
- kote yo te arete w la, epi
- non ofisyè depòtasyon ou an. Konsil la ka ede w jwenn yon avoka oswa ba w lòt sèvis.

### Ki jan fanmi mwen ap fè konnen ki kote yo te mete m nan prizon?

---

Si fanmi ou pa konnen nan ki prizon ou ye, yo ka itilize **Lokalizatè prizonye ICE** a pou jwenn ou: <https://locator.ice.gov/odls/> Ale nan meni dewoulan ki anba "Chwazi yon lòt lang."

Yon manm fanmi kapab kontakte biwo lokal Imigrasyon ak Ladwàn ki responsab Detansyon ak Ekspilsyon an nan zòn nan tou. Yo ta dwe gen non konplè w ak "nimewo A" a ki prè, ki se yon nimewo 8 oswa 9 chif sou dokiman imigrasyon w lan.

Biwo lokal pou tout New England twouve I nan Massachusetts:

Biwo Lokal Boston  
1000 District Avenue  
Burlington, MA, 01803

**Telefòn:** (781) 359-7500

**Domèn Responsabilite:** Connecticut, Maine, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island, Vermont

**Imel:** [Boston.Outreach@ice.dhs.gov](mailto:Boston.Outreach@ice.dhs.gov)

Pou biwo nan lòt pati nan peyi a, gade Biwo Imigrasyon ak Ladwàn ak Operasyon Ekspilsyon sou Entènèt. <https://www.ice.gov/contact/field-offices?office=16>

Lis kontwòl sa a ki soti nan Pwojè Nasjonal Imigrasyon an ka ede fanmi w rasanble enfòmasyon epi detèmine pwochen etap pou yo swiv yo. An Kreyòl Ayisyen, Anglè, ak Espanyòl. <https://nipnlg.org/work/resources/my-community-member-was-arrested-ice-what-do-i-do>

## **Èske yo ka kite m soti detansyon imigrasyon si mwen peye kosyon?**

Petèt. Gen kèk imigran, men pa tout, ki kalifye pou depoze kosyon. Si ou peye yon kosyon, y ap lage w nan sant detansyon an pandan w ap tann odyans depòtasyon an. Si ou komèt sèten krim ki grav anpil, ou ka pa elijib pou yon odyans sou kosyon, akòz règ detansyon obligatwa yo.

Yon kosyon se yon kantite lajan yo peye gouvènman an pou montre ou prale nan odyans depòtasyon ou an.

Si ou vle depoze yon kosyon, mande yon odyans pou kosyon. Chèche yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans pou reprezante w nan odyans kosyon an. Ou ka toujou mande yon odyans pou kosyon, men ou ka pa elijib pou kosyon si ou:

- Gen yon lòd depòtasyon pase,
- Gen sèten kondanasyon kriminèl,

- 
- Yo te arete w yo nan fwontyè a oswa nan ayewopò a, oswa
  - Gouvènman an sispèk ou gen lyen ak teworis.

Nan odyans lan, ou ka soumèt nenpòt dokiman ki montre ou genyen:

- yon adrès pèmanan,
- travay ki estab,
- fanmi ki gen estati legal Ozetazini, epi
- nenpòt prèv ki montre lyen solid ak kominote a, tankou lèt ki soti nan anplwayè, pwòch, oswa pastè.

Nan Tribunal Imigrasyon Boston an, gouvènman an gen obligasyon pou pwouve ke ou reprezante yon danje pou kominote a oswa yon risk pou ou sove. Ou pa oblige, men ou ta dwe pote dokiman ki pwouve ou pa ni youn ni lòt.

Si ou te fèmen dosye kriminèl yo, avoka ICE a ka pa gen dokiman tribunal aktyèl ki montre yo te twouve ou "pa koupab." Si ou ka jwenn kalite dosye sa yo, ou ka prezante yo bay tribunal la. Se jij imigrasyon an, pa avoka ICE a, ki pral deside si li pral ba ou yon kosyon.

Pou w konnen ki lè odyans kosyon ou ap fèt, tcheke Sitwèb EOIR a nan <https://acis.eoir.justice.gov/en/> oswa rele liy dirèk Tribunal Imigrasyon an (EOIR). Nimewo a se **1-800-898-7180**.

- Lè ou rele, liy asistans otomatik la pral mande w Nimewo Anrejistremant Etranje, oswa "Nimewo A." Sa se yon nimewo 9 chif ki ta dwe twouve l sou nenpòt dokiman ou genyen nan men gouvènman an ki gen rapò ak imigrasyon w. Yon egzanp se A 123 456 789. (Si ou gen yon ansyen #A ki gen 8 chif, mete yon "0" nan kòmansman an.)
- Apre ou fin antre nimewo A ou an, ou ka konnen ki lè pwochen dat tribunal ou a pwograme.
- Ou kapab tcheke sistèm dosye sou entènèt la tou sou Sitwèb EOIR la. Si #A ou an poko nan sistèm nan, kontinye eseye. Li ka parèt nenpòt ki lè apre yo fin arete w, yon fwa yo depoze dokiman yo nan tribunal la.

Si ou elijib pou kosyon an, ICE oswa yon jij imigrasyon ap deside sou kantite lajan an. Moun ki peye kosyon an **dwe** gen yon estati imigrasyon ak idantifikasyon. Si yo akòde w yon kosyon, yo ka peye kosyon an atravè Pajwèb Obligasyon Elektwonik Lajan Kach la (<https://www.ice.gov/detain/detention-management/bonds>) oswa nan nenpòt biwo lokal ICE.

---

## Kisa ki pral pase nan Tribunal Imigrasyon an?

Gade atik nou an "Tribunal Depòtasyon ak Imigrasyon" nan

<https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/deportation-and-immigration-court>.

## Plis Resous

### Resous Legal nan Pair Project

An Anglè: <https://www.pairproject.org/gethelp>

### Manyèl Oto-Asistans

Manyèl Oto-Asistans pou Moun ICE Mete Nan Detansyon (PAIR Project, 2024, an Anglè): <https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/self-help-manual-people-detained-immigration-ice>

### Fason pou Defann Pwòp Ka Ou An

Pa Pwojè sou Dwa Imigran ak Refijye Florence yo, an Anglè:

<https://firrp.org/resources/prose/>

### Jwenn Èd Legal

Fè atansyon ak fwòd ak eskwokri nan zafè imigrasyon. Pale avèk yon òganizasyon ou fè konfyans anvan ou kòmanse nenpòt pwosesis imigrasyon.

Pou jwenn pwogram legal imigrasyon gratis ak a pri abòdab, itilize:

- Lis referans pou tout eta a: <https://www.masslegalhelp.org/immigration/know-your-rights/immigration-help-referral-list>
- Jwenn Resous Legal nan Massachusetts (Anglè ak Espanyòl):  
<https://masslrf.org/en/home>

## Konsènan MassLegalHelp

MassLegalHelp.org se yon sit entènèt ki gen enfòmasyon gratis epi pratik sou dwa legal ou yo nan Massachusetts. Se pwogram asistans legal, avoka, ak patnè kominotè nou yo ki ekri epi revize enfòmasyon nou yo.